ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№235 (22.393) ● 2012 гъэм дыгъэгъаэзм (декабрым) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Псым пхыкІар уэсэпсым щыщтэркъым

● Политикэ партхэм

Кебеков Владимир хьэщІэхэм псалъэ гуапэкІэ захуегъаз.

Налшык лэжьыгъэ ІуэхукІэ къэкІуащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Москва къалэ щІыналъэ къудамэм и Іэтащхьэ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и Совет Нэхъыщхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ ЛІыКІуэ Атеев Александрэ абы и дэЖныкъуэгъу Дихарев Викторрэ. Депутатым махуэ ныкъуэкІэ ЦІыхухэр иригъэблагъащ я гуныкъуэгъуэхэм, я псэукІэм зыщигъэгъуэзэну. ЩІыхьэщхьэхуэкІуэу Атеевыр яхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм.

ЗЭЩІЩІЭР къыщыхэІуихым «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и Іэтащхьэ **Кебеков Владимир** жиІащ Совет Нэхъыщхьм и ЛыкІуэу КъБР-м къагъэкІуа Атеев Александр куэд щІауэ зэрацІыхур, Іуэхум хуэжьыджэру, зыхуейр пхигъэкІыфу, дэжьыгъэм и пІалъэ ищІэу зэрыщытыр.

- Кавказ Къушхэрэ федеральнэ щІыналъэм Іуэхугъуэ куэд щокІуэкІ, центрым къыщыхъуэжьащ къыхэщыкІыу, - жиІащ Кебековым. - Александр нобэ щІыхухэм зэраІущІам къыхихагъэнщ ди жылагъуэм я гукъыдэжыр зыхуэдэри, я гугъуехьхэр зыхэлъри, ди партым къызэрыхущытри. Си гугъэщ и щІалагъым, и жыджэрагъым къыхэкІкІэ, фІы куэд къытхудэкІуэу дызэдэлэжьэну.

Атеевым псалъэ щратым жиІащ КъБР-м куэдрэ зэрыщыІар, абы и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен зэриныбжьхэгъур, зэрыдэлэжьар, республикэм щыпсэу ЦІыхухэр зэрыгупщІанэр.

- Нобэ сызыІущІахэм къысхуаІуэта я гуныкъуэгъуэхэр ящІэу ЦІыхухэмрэ къызэгурагъэІуар зыщ - жылагъуэм захуагъэр зэрахуримыкъурщ. Къапщтэмэ, си пащхьэ кърахьа Іуэхухэр къызэрыгуэкІщ, законыр пщІэмэ, Іуэху зэфІэхыкІэм ухуэмыхеймэ, тыншу зэфІэбгъэкІыфыну, - жиІащ Александр. - Ауэ нэхъ пэжыр ди къарухэр зэдгъэуІуу, абыхэми нэгъуэщІ Іуэхухэми иужь дитыныр щ.

Къэбгъэльагъуэмэ, дэ гъуэгу захуэм дытетщ, УФ-м и Къэрал Думэм нэхъ жыджэру хэт партыр дэрауэ жыпІэ хуину. Пэжщ, куэдрэ къохъу ди лъэр щыщІауд, дыщамыгъэкІуатэ, ауэ а удынхэм нэхъри нэхъ къару къытхалъхьу, ди екъуалІэныгъэхэри къызыпэкІуэнур аращ. Си щхьэкІэ сыкъапщтэмэ, апхуэдэу къызэрытхущытым лэжьыгъэм нэхъри сытрегъэгушхуэ.

Атеевым и псалъэхэм къахэщащ къэралым и къэкІуэнур «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым куэдкІэ зэрелъытар, абы къыхидльхьа Іуэхугъуэ куэд Путин Владимир иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар, щІыналъэ, федеральнэ властым и фІагъыр зыхуэдэр я Іуэху зехьэкІэм зэрелъытар, нэгъуэщІхэри.

- Ди къарур зэщІэдгъэуІуэу нэхъ лъэщ дызэрыхъуным дыпылъын хуейщ, - къыпищащ дэжкІэ Александр. - 2016 гъэм екІуэкІыну хэхынагъэхэм партхэм я пашэ дыщыхъуныр сфІэигъуэщ. Парламентым хэт цІыху бжыгъэр нэхъыбэ зэрытщІыным, ди псалъэр ныкъкІрэ ди лэжьыгъэм къыпэкІуэр тлъагъэужу дызэрылэжьэным дыхуущІэкъупхъэщ. Дэ сыт щыгъуи дыхьэзырщ властым депсэльэрыщ, дыдэлжьэну, цІыхубзэм сэбэп яхуэхъуну Іуэхухэкмкі защІэдгъэкъуэну, дунэтІыну. Дэ зыми зэран дыхуэхъуну, граждан зауэ къэдгъэхьеину зыдгъэхьэзырырыркъым.

«Псым пхыкІар уэсэпсым щыщтэркъым», - щыжаІэ фи дежкІэ. Сэ куэд сльэгъуащ, куэдым сыпхыкІащ. Пщэдей бгъэІэпхъуэ Іуэхур - Іуэху хъуркъым, нобэ щІэдвгъадзэ лэжьэн. Ди лъабжьэр зыгъэбыдэфынур ди лъэкІыныгъэращи, цІыхухэм дадэвгъэІэпыкъу. ПІуэ хэлъхьым, зэкІэ ди организацэр махэщ, ауэ зэман гъунэгъум Парламентми, Правительствэми, Президентым и Администрацэми ди псалъэм пщІэ къыхуащІу зэтедгъуэн хуейщ. Абы папщІэ Іэмалхэр диІэщ, иужь дихьэн хуей къудейуэ аращ.

Лихарев Виктор къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партыр лэжьыгъэм зэрыхуэІэижьыр, абы и лъэныкъуэкІэ Атеевым мурадышхуэрэ жэрдэмышхуэрэ зэриІэр, УФ-м и Къэрал Думэм хэт адрей партхэм я лэжьэкІэр езыхэм ейм къаззэрыщхьэщыкІыр, нэгъуэщІхэри.

Ди Парламентым и депутатхэм я гущІэхэм яхэщІэхэм жэуап кратащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ
Замирэ.

Сурэтхэр **ІЭХЪУЭБЭЧ Хьэзрэ**Іил *трихащ.*

● ЗэІущІэхэр

Сабий ныкъуэдыкъуэхэм хуащІ гулъытэр зыхуэдэр

КъБР-м Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ щекІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и деж Сабий ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхухэмкіэ щыІэ Советым и зэІущІэ.

ХРОМОСОМ узыфэр зиІэ сабий ныкъуэдыкъуэхэм ягъуэт медицинэ дэІэпыкъуныгъэм, абыхэм я узыншагъэр зэрызэфІагъэувэжьым теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м узыншагъэр хьэмэныкІэ и министрым и къуэдзэ Іуэхэт Мурат. Абы къыхигъэщащ 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ Сабий уэзн зэту псантхэу, къупщхьэ-хуэ узыфэхэр зиІэ цыкІуэхэм щакІэтыьплтъ къудамэ зэрылажьэр. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр сабий ныкъуэдыкъуэхэм дохутырхэр, психологхэр, социальнэ лэжьакІуэхэр ядэгъэІэпыкъунырщ. Къудамэр кьыхэзрыхэІуаехэр абы я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэжащ сабий 410-м. Іуэмэтым и къэпсэльэныгъэм кьыхэзрыщигъэльэгъуамкІэ, дохутырхэм кьагъэсэбэп физкультурэр, минералхэр зыхэлъ псыр, Іэпкъльэпкъ шытІэныр, нэгъуэщІ ІэмальщІэхэр.

Сабий ныкъуэдыкъуэхэм ильэс зыбжанэ хуэдиз ящыІэ ядолажьэ «Сабингъуэ» Урысейпсо реабилитационнэ центрыр, Урысей клиникэ сымаджэщыр. Хромосом узыфэр зыпкърыт сабии 9-м зыхуэныкъуэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр ильэс кьэс щагъуэт федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэхэм.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Муратэ Залым тепсэльыхьащ сабий ныкъуэдыкъуэхэм интернатхэр кьауха нужь курыт, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтын папщІэ кьыхуэзрагъэпэщ Іэмалхэм. Апхуэдэ сабийхэм папщІэ школ-интернатхэр дэтщ Прибликнэ станицэмрэ Зенкъуэ кьуажэмрэ. Интернатхэм я унафэщІхэм Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэм зэгурыІуэныгъэ иращІыпІауэ я гъэсэнхэр дэрбзэр, пхьащІэ, слесарь, нэгъуэщІ Іэщ1агъэхэм щыхуагъасэ. Сабийхэм псом хуэмыдэу яфІэгъэщІэгъуэну зрагъасэ комПьютерымкІэ лэжьэфу.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Къуащхьэ Равидэ кІэщІу кьыпетуауІащ зи зыужьыкІэкІэ адрейхэм кьакІэрыху щІыхуэхэм лъэпощхьэпоунШэу ГъащІэм зэрыхэтыфым щытыкІэхэр кьахуэзгъэпэща зэрыхъунэм. Абы кьихигъэщащ «Доступная среда» программэм елэжь министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ зэман кІэщІым кьырибдзэу я Іуэху епГьыкІэхэр кьыІэрагъэпэгъэуапхъэр инКІи ягу кьыгъэкІыжащ а проектым 2013 гъэм щІыШылэм и 1-м щыщІэдзауэ республикэм лэжьэн щыщІидзэн зэрыхуейр.

КъБР-м Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Налшык

ЩІымахуэ удзхэр хасэ

ХьэтІохьущокъуэ жыг хадэм щІымахуэм «щІымышынэ» удз гъэгъауэ мин 69-м нэбгырабэ щыхасащ.

НАЛШЫК паркым ит роэзэхэм кьаззэрыхэхъужкм кьалэдэсхэр щымыгуфІыкІыу кьэнакьым. «Роэзэхэм я кьалэжІэ» зэгуэр зэдджэу щытхьэ ди щы-хьэрым и теплъэр ефІакІуэ зэпытщикІи «Горзеленхоз» ООО-м и лэжьакІуэхэр хущокъу мы щІыпІэм сыт щыгъуи ІныгъэкІ захъэр ямыгъэкІуэду, иджырей мардэхэми зыдграгъэкІуу я лэжьыгъэр зэрауІуэным.

ХьэтІохьущокъуэ хадэм и удз гъэгъа лІэужьыгъуэхэм кьахэхъуэ зэпытщ. Паркым и утхэм, лъэс лъагъуэ гъунэхэм мы махуэхэм щыхасащ псори дыззэса епэр зэмыфэгъуэхэм кьаджІуэу кьру хуГу (незабудки), сэрэшпсыгъуэ (селены), ашэху (маргаритки) гъэгъа лІэужьыгъуэхэри. Мы-хэр щІымахуэм щыІэм нсыныкьым икІи паркым и мы-закьуэу, кьалэм и уэрам нэхъ инхэмрэ зыгъэпсэхуп1э щыІэхэмри ягъэдэхэнщ. Иджыпсту щыхьэрыр зыгъэбжьыфІэ щхьэуантІагъэхэм щыгъэпшэрхэмкІэ йолажь «Горзеленхоз»-м и Іэщ1агъэлІэр.

ЛЪОСТЭН Муз.

● Лэскэн куей

Гъэ къэс къызэрагъэпэщ

Лэскэн районым щыпсэухэу, абы къыщалъхуахэу пщІэ зыхуэтщІэ!

Хьыбар фыдогъащІэ дыгъэгъаэзм и 21-м сыхьэт 12-м районым Щэнхабзэмкіэ и унэм сабий ныкъуэдыкъуэхэм ядэІэпыкъуным теухуа псапащ1э зэрыщагъэкІуэкІынумкІэ. «Урысей зэкъуэт» партым и политикэ советым, район администрацэм, КъБР-м Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм Лэскэн муниципальнэ районым щыІэ и «Щыхухэм социальнэ Іуэхухтьэбзэхэр яхуэщІэныМкІэ комплекснэ центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, Лэскэн районым лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и управленэм зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэр районым и жылагъуэ, щэнхабзэ гъащІэм хэшэным теухуа мы Іуэхур хабзэ хьуауэ гъэ къэс къызэрагъэпэщ.

Марафоным хлубыдзэ сэу сабийхэр зыхэт концерт программэ изгуэзыужь яГъэльэгъуэнущ.

Гущ1эгъэмрэ псапэмрэ теухуа мы лэжьыгъэм зыхуэзэІэкІыну псорн фыкьыхьыхьэну дыныволъэІу. Абы папщІэ сабийхэр зэрыджэгу зэпышІэкІэ, абыхэм яхуэмыхъуж щыгъынхэр зэхуэфхьэс, апхуэдэуи Іэфы1эхэр, зэреджэ, зэрытхэ Іэмэпсымэхэр, сабийхэм я зэхэщІыкІым хэзыгъахъуэ хьэпшыппэр кьыІэращэхуи ахьшэ кьыхэфльхьэ хьунущ.

ДыныволъэІу сабийхэр гулъытэншэу къэвмыгъэнэну. Хамэ сабий щыІэкъым, абыхэм зэрыгтхуэзфІэкІкІэ дадэвгъэІэпыкъу.

«Урысей зэкъуэт» партым и Лэскэн район исполком. Телефонхэр: 95-7-41, 95-3-07.

Гу зылъытапхъэ

ІУЛЪХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

● ЗэІущІэхэр

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 6, *махуэку*

n Финляндие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ1э - щхьэхуит щыхьэ махуэщ.

n Украинэм ЗэщкІэ зэщІэузэда и къаруэм я махуэщ.

n Илъэс 520-рэ и пэкІэ Кодумб Гаити хьтІыгър кьыІэІуихащ.

n Дыгъэгъазэм и 6 - 9-хэм Къэзан (Тэтэрстан) щыІэхэтынущ тэтэрхэм я дунейпсо конгресс. n 1944 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей обкомым и пленум зэхэтащ. Абы обкомым и апэ секретарыр щызэрахьэжьащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык пшэрхьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым 2 - 4 щ1ахъунущ.

Дыгъэгъазэм и 7, *мэрем*

n Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ

n Армением щІыр щыщыхьеям хэкІуэдахэм я фэепль махуэщ (1988). А къэхъукащІэ щынагъуэм щІыху мин 25-рэ хэкІуэдат, мин 20-м фэбжь зэмылІуужьыгъуэхэр хахат. ЦІыху мин 530-рэ псэупІэнщэу кьэнат абы щыгъуэ.

n 1725 гъэм Петербург щызэхэтащ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и Академием и апэ зэхьэхэр.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык пшэрхьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 8, жэщым 3 - 4 щ1ахъунущ.

ПІалъэр зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэтэм.

Дунейм шыхъыбархэр

Федеральнэ Зэхуэсым зыхуигъэзэнущ

Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зыщыкІуэгъэзэну махуэр яубыхуащ. Кремлым и пресс-Іуэхущ1апІэм къыдэригъэмкІэ, ар дыгъэгъазэм и 12-м трауХуащ икІи щІадзащ абы иратъэблэгъэну хьэщІэхэр, журналистхэр тхыным. Ди къэралым и унафэщІым иджы ешыкІуфІыным зыхуегъаз параметрыр.

Хабзэ зэрыхъуам тету, УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъаз ям кьыщегъэльагъуэ къэралым и дежкІэ нэхъ мыхьэнэщхэу дыдэ зиІэ Іуэхухэр, къулыкъущІапІэхэм кьапэщыт къалэн нэхьыщхьэхэр, ахэр гъэзэщІа хьун папщІэ щыІэ хэкІыпІэхэр.

Путин Владимир Къэрал Думэм и фракцэхэм я унафэщІхэм щахуэзам кьызэрыхигъэщащ кІэ, хэхьныгъэм и пэ кьиухуэу газетхэм кьытырригъэдза тхыгъэхэм щызэпкьрихауэ щытащ Зэрызыхуагъаз хэтыну Іыхьэ нэхьыщхьэхэр.

ЗэхъуэкІыныгъэхэм ятеухуауэ

УФ-м ЗэщкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм я штаб нэхьыщхьэм и унафэщІ Герасимов Валерий дз атташем щыІущІам зэрыкІащ1ыкІэ, арэзы ящІэжьащ щекІуэкІынущ Сердюков Анатолий зыщІидза зэхъуэкІныгъэхэр. Пэжщ, абыхэм ф1ыуэ хэлъхьыжынущ.

ЦІыхухэм гуапэ кьащыхъуи нэгъуэщІ зы Іуэхуми и гугъу щащІащ а зэІущІэм - Герасимовым щэч лъэпкъ кьытрихьэркъым ЗэщІ ираджэхэм кьулыкъу зэращІэ пІалъэр нэхьыбэ зэрамыщІынум. Дэ кьулыкъур зэрырахьэкІ зы ильэсым иджыри кьыщІагъуну нэхьапІуэкІэ зэрагъэхьыбарам жылагъуэр игъэпІейтеяуэ щытащ.

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм щекІуэкІыну зэхъуэкІныгъэхэм я гугъу щиІым, Герасимовым кьыхигъэщащ дз техникэр кьащэхунымрэ абы и Іагъыр зыхуэдэмрэ кІэлъапІэныу кьудамэІэ кьызэрагъэпэщыну зэрамурадыр.

Къуэш егъу нэхърэ - ныбжьэгъуфІ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм щхьэкІэ

Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыІэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и кьудамэм и Іуэхущ1апІэ псоми етІанэгъэ и япэ ильэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ кьезыгъэхьынухэм Іэ трегъэдэным щыщІадзащ 2012 гъэм фокІадэм и 1-м.

Фыдэзыхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм кьевгъэхьыну Іэ щытевдзэ хъунущ ахэр и чэзум унэм ныфхуэзыхьыну е пощт зэпыщІэныгъэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм кьыщывэзытыжыну щэсыпІэу кьызэ пощт ІэнатІэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ зэрыщыщІадзым пыщІа Іуэху псоми пощт зэпыщІэныгъэмкІэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэм щхьэхуэу фыхагъэгъэзэнущ.

Іэ тедзэныр фымыгъэгувэ, и кІэ дыдэм нэвмыгъэс.

ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.

Ди щІэдзыкІакІуэ лъапІэхэ!

Мазихым ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Аруан куей

Чэщанэщ1э яухуэ

Іуэхум пэрыт «Стройресурс» ООО-м зэриубзыхуам тету, чэщанэм и пкъыр мы махуэхэм яГъэващ.

Зи гугъу тщІы ухуэныгъэр иджыпсту кьыщІрахьэжьа щхьэусыгъуэхэм ящыщщ псы зэхуэхьэсыпІэр жьы зэрыльхьам и мызакъуэу, километриц зи кІыхьагъ хьэблэщІэ зэрагъэтІысари. Ари псыкІэ кьызэгъэпэщын хуейт.

Лъэжьыгъэр зы махуи зэпымыуэ йокІуэкІ. Ар зыщІэпкъыгъуэхэмкІи ІэщІагъэлІэхэр тэмэму кьызэгъэпэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

Ди республикэм и жылагъуэхэр псыкІэ кьызэгъэпэщныр Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ.

АРУАН куей администрацэм и жэрдэмкІэ, Псынабэ къуажэр хагъэхьащ «2011 - 2015 гъэхэм кьыщыдзу псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэхэм я Іуэхур егъэфІэкІуэн» урысей программэм. Абы ипкъ иткІэ мы жылэм псыр щызэхуахьэс чэщанэ щауХуэнущ. Республикэ бюджетым кьыхэкІыу а Іуэхум ком мин 800 хуХахащ.

Лъэжьыгъэр кьезыхьэлІэну ухуакІуэ организацэм кьхьэ хьуа чэщанэжьыр Іуихынурэ, зэман кІэщІым кьриубыдэу абы и пІэм кьригъэувэнщ метр 18 зи льагагъ псы зэхуэхьэсыпІэр. Ар кубометр 50-м тещІыхьауэ щытынущ икІи абы и фІыгъэкІ кьуажэдэхэм псы зэрэнумрэ кьагъэсэбэпынумрэ зэпымыууэ яГъэтынущ.

Мэджыдыбэ

Бахъсэн куей администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн жэмыхьэт 22-м я мэджыдыбэ кьызэрагъэпэлъын гъущІ хьэку зырыз яритащ, езым и мылъкукІэ кьищэхуауэ.

ПСАПЭ зыпылъ Іуэхуэхэр район унафэщІым япэхэми ищІащ. Псалъэм папщІэ, лІэныгъэм ехьэлІа дауэдапщэхэм кьыщагъэсэбэп щІакІуэхэмрэ кхъаблэхэмрэ гъатхэпэ мазэм кьахуищэхуат си гугъу тщІы жэмыхьэт 22-м. Абы Іимамэр кьигъэгугъащ къхъэхэм дагъэувэ зэпкърах-зэпкъралъхъэ гуэщ щыкІуэхэм хуэдэ зэман кІэщІым кьрибудэу ятригуэпэну.

Мы жылагъуэхэм дэс цІыхухэм щІыпІэ унафэщІым фІыщІэ хуащІ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Бахъсэн куей

Мэджыдыбэ

Бахъсэн куей администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн жэмыхьэт 22-м я мэджыдыбэ кьызэрагъэпэлъын гъущІ хьэку зырыз яритащ, езым и мылъкукІэ кьищэхуауэ.

Тутын ефэхэр щыгъущэх мэхъу

Лондон кьалэм дэт Пащтыхь колледжым и щІэныгъэлІхэм ирагъэкІуэкІа кьхъутэныгъэхэм кьрикІуахэр иджыри зэ щыхьэт техъащ тутыныр щІыхум и узынщагъэм зэранышхуэ зэрыхуэхьум.

Тхьэмбылыр тутыным хуэм-хуэмрэ ишхым и закъуэкъым - ар йогуагъэ щхьэ куцІми. Тутын ефэ щІыхур и ныбжьым итхэм нэхъри нэхъ щыгъэущІх мэхъу, апщІондэху псэумэ, и жьы хьугъуэм ирихьэлІэу и щхьэм зыри иримыубыдэжьфыхъэу къэнэри хэльщ.

ИльэсщІ ныкъуэ, нэхъыбэ хъуа щІыху 8.800-м зэман кІыхькІэ якІэльыпльатти, тутын ефым щІыхухэр лы лей зытралъхьэным, гу узым зэрыхуишэр къахутащ. ГъэщІэгъэнщ тутын ефэнымрэ акъылым и дэжьэкІэр иэхъыкІэ хуэныкьымрэ зи ныбжьыр хэкІуэта щІыхубзхэм зыкІи зэремыхьэлІар. Апхуэдэу щІыщытым и щхьэусыгъуэр щІэныгъэлІхэм зэкІэ кьагурыІуэркъым.

**Тутын ефэхэр щІыгъуэ щІэныгъэлІхэм зэрыщыхьэрэ щІыгъуэ щІыгъуэ щІыгъу

Экономикэ | Политикэ

Махуэ ку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ

Мэсыщ1эм къалъысынур ящ1э

УФ-м 2013 гъэм и бюджетыр зыхуэдэнур, сыт хуэдэ Iэнатlэм сыт дыдыпсыну нагуэ къэхъуащ.

● Бюджет-2013

ГЪЭ дыдыхэкIуэ сом мин 408,9-рэ хъунущ сабий етIуанэм (ещанэм) щ1ыхэкIэ анэм ират ахъшэр. Къэралым пособиеу щат лIэужьыгъуэ псоми проценти 5,5-кIэ хэхъуэнущ.

Къэралым и хэхъуэр сом триллион 12,8-рэ хъуэу ягъэбеладжылащ, ауэ езыр сом триллион 13,3-рэ хуейщ. Хуримыкъунур ВВП-м и процент 0,8-рэ е ахъшэу сом мелард 521,4-рэ мэхъуэ.

2013 гъэм и бюджетыр адрей гъэхэм еймкъэзырыщ1ыхьарщ, атIэ ар къехуэхынкIэ зэрыхъунур (доллар 91-м нэс) къызэралытарщ.

Уасэр зэрыщытауэ къэнэжрэ хэхъуэ кыпэкIуэнур, ар Резерв фондым халъхьэнущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, «къэхъу хъужьыкъуэIамэ» жаIуэ ягъэтIылыр мы гъэм сом триллиони 3,174-м нэсынущ.

Къэралым ахъшэ нэхъыбэ дыдэ зытригъэкIуэдэнур «социальнэ политикэращ» - сом триллиони 4-м нэс. Абы сытым щыгъуи нэхъыбэ хухах, псом япэрауэ, пенсэу ятым куэд екьри. Къащтэмэ, гъэ дызыхуэкIуэ пенсэу ятынущ сом триллиони 2,8-м щигъу. Пенсэр (ику иту къащтэмэ) сом мини 10,3-м нэсынущ.

Узышлагъэ зыхьуэм IэнатIэм ират сом мелард 500. Щ1эныгъэм - сом мелард 607-рэ. Сабий садхэм, курат еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщ1хьхэм трагъэкIуэдэнум кьинэмыщ1ауэ, «Глобальное образование» зыфIаща программэмкIэ хамэ къэралхэм щрагъэджэнущ зэфIэкI зиIэ щ1алэгъуалэр.

Апхуэдэхэм хухахащ сом мелард 1,5-рэ. Егъэджакlуэхэмрэ зэ дохутырхэмрэ я улахуэр зыхуэдизынур щ1ыналъхъэм я бюджетым ельытащ, ауэ къэралым а Iуэхур и пщ1эм дихьыпрякьым, псори зыуэ хэщапт1эмэ, хэгъуэгуфхэм яритынур сом мелард 630-рэ мэхъуэ.

Сом триллион 1,5-рэ ятекIуэдэнущ къэралым и шынагъуэнщагъэ, хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм. Къэралым и экономикэм зегъэужьыным сом триллион 1,6-рэ хилъхьэнущ.

Бюджетым и Iыхьэ щ1анэр ират федеральнэ гъуэгуфхэр зыхуэят хэгъуэгъэным. Сом мелуан 200-м щ1игъу трагъэкIуэдэнущ Сочэ Олимпиадэ щ1ыщ1екIуэкIкIэ зыхуеину транспортыр кьащ1эхуным.

Ахъшэ хухахащ мэкъумэш I энатIэмэ. Хадзэхэ Iым, абыхэм шхынгъуэ кьыхэщ1ыкIыным елэжь предприятэ зэфIагъэувэн папщIэ кредит къэзыщ1тахэм ядэIэпыкъунущ банкхэм щ1ыхуэр иратыжьфын папщIэ. Мэкъумэшыщ1эхэм ящыщу щIы къэзыщ1тэу уней мылъку зыщ1ам а Iуэхум трагъэкIуэда ахъшэр иратыжьынм къэралым хухихащ сом мелуани 120-рэ.

Сом мелард 3,7-рэ ягъэбеладжылащ экономикэм зезыгъэужьыну проектхэр пхагъэкIыным. Ар зратынуэр мы Iуэхум телажьэ президент комиссэм гульытэ зыхуэфащэу кьилытэрщ.

Щэнхабзэмрэ кинематографиемрэ сом мелардитеи 100-м нэс ират. Физкультурэмрэ спортымрэ - сом мелард 53,8-рэ. Абы и проценти 10-р трагъэкIуэдэнущ футболым зегъужьыныгъэ 2018 гъэм екIуэкIыну чемпионатым зыхуэгъэхъэшыныгъэм.

КУКОЛ Еленэ, ШКЕЛЬ Тамарэ.
«Российская газета»

Афиянафэхэр тхашынущ

● И чэзущ

Хабзэм ебакъуэу афияныр зыщ1э-къэзыщ1эхухэр къыщIэгъэщынымкIэ къэрал комитетым и унафэщI Иванов Виктор зэрыжиIэмкIэ, афиянафэхэр щаIыгъ, щагъэхъуж Iуэхущ1апIэхэр къызэIухын хуейщ, ахэр бгъэтIыскIэ мыхьэнэ зэримыIэр нэрылъагъущи.

СОВЕТХЭМ я зэманым щыIа АТП-хэр къызэIуихыжьын хуейуэ жеIэ Ивановым. ЗэрытщIэжщи, щагъэхъуж, щагъэлажьэ профилакторийхэм фадэмрэ афиянымрэ уэ зыхуэхъуахэр щаIыгъыу щытащ. Зы илъэс е илъэситI-арат профилакторийм зэрыщ1эр, абы зэрагъакIуэри суд унафэт.

Къапщтэмэ, Белоруссием ихъумащ АТП-хэр. Фадэмрэ афиянымрэ ятхьэжъупхаэу зи унагъуэхэр къызэрымыкIуэу гугъу езыгъэхьхэм ЛТП-р хэщIапIэ хуащI.

Урысейм мэкъуауэгъуэм и 1 лъандэрэ зыщ1ыгъуэта хабзэщIэмкIэ хьэкумыщIэр хуитщ афияным щхьэкIэ «условнэ» зытралъхьар сымаджэщым егъэзыгъэкIэ игъэкIуэну. Хуэмеиуэ жиIэу афIиукъуэдиймэ е сымаджэщым зэрыщIэлъын хуей пIалъэр имыкI щIыкIэ къафIыщIэкIыжмэ, абы щыгъуэм тутнакъэщым ягъэкIуэну хуитщ.

Къапщтэмэ, жылагъуэм и жыIэкIэ Тувэ къыщыдэIуах афиянафэхэмрэ фадафэхэмрэ щеIэзэн центрхэр.

Къэралри абы и щIыхэхэри мы Iуэхум зэригъэгуэвапэм и щIыхьэтщ гъэ дызыхуэкIуэм и гъатхэпэм и 30 пщIондэ АТП-хэр зыхуэдэнум теухуауэ программэ ягъэхьэзыру Путин Владимир унафэ зэрищIар.

- Мы унафэр къэралым и нобэри пщэдейри зэлъытащ. Узышлагъэр хъумэныкIэ министр Скворцовэ Вероникэрэ сэрэ Президентым Iуэхур зытетыр щыжетIэм, ар къыддиIыгъащ, - къыхиригъащ Ивановым.

Урысейм героину щызэрахъэлIэмкIэ дуней псом ящ1э увыпIэр щиIыгъ хъущ. Илъэс кьэс афиян зэмылIэужьыгъуэхэм щIыху мини 100-м нэс йолIыкI. Зэпымычу е зэманзэманкIэ афиян зэзыхьэлIэу Урысейм исщ щIыху мелуани 8,5-м щIигъу.

Европэм и къэрал куэдым афиянафэр е фадафэр лъэщыгъэкIэ сымаджэщым щIагъэгъуэлъхъэ, апхуэдэхэм я Iыхьлыхэм я тхьэусыхафэм тещIыхьауэ.

БОГДАНОВ Владимир.
«Российская газета»



Президентхэм я нэхъ къулейсызыр

● Уругвай

Уругвайм и президентырщ къулейсызыр. Илъэс 77-рэ зи ныбжь Мухикэ Хосе и мазэ улахуэр доллар 12500-рэ мэхъу, ауэ абы щыщу езым кьызыхуигъэнэжыр доллар 1250-щ, зэрыжиIэмкIи, абы нэхърэ нэхъыбэ хуэмейуэ хурокъу.

- СИ ХЭКУЭГЪУХЭМ я хэхъуэр сэ сысейм нэхърэ нэхъ мащIэжщ, - жеIэ Уругвайм и Iэтащ1эм.

Президентым и улахуэм и процент 90-мкIэ псапэ ещIэ. Абы кьыкIэрыхуркъым и щхьэгъусэри (ар сенаторщ). Бзылъхугъэм кьиIэжьым и нэхъыбэр псапэ зыпыль Iуэхуэхэм трегъэкIуадэ.

Нэхъ льапIэ дыдэу президентым иужьрей илъэсхэм кьищэхуар 1982 гъэм кьыдагъэкIа «Фольгсваген Жук» машинэрщ, доллар 1945-рэ и уасэу. Абы ипэкIэ Мухикэ Хосе илъэс 20-кIэ мотороллеркIэ кьижьыхьащ, ар абы иджыри кьигъэсэбэныну кьащIэкIынт, жьы хуэу зэпкърымыщ1эщатэмэ.

Къэралым и Iэтащ1эхэм банкхэм хэльу зы доллар иIэкъым. Абы зы щыхуи тельыкъым. Зэщхьэгъусэхэр щопсэу Монтевидео пэмыжьыжь фермэ щ1ыкIым, къэрал Iуэхуэхэм кьыщ1эхуэм, хадзэжьIэхэм, удз гъэгъахэм йолIэжь.

Уругвайр къэрал кьулейсызу кьыпщ1ыхунущ, президентым и псэукIэм тепщ1ыхьмэ. Ауэ ар пэжкъым. Уругвайм щхьэкIэ ипщэ америкэ Швейцарие жаIэ. Абы и кьалащхэ Монтевидео континентым и банк нэхъ ин дыдэхэм я штаб-фэтэрхэр, промышленнэ компание лъэрыхьхэм я Iуэхущ1апIэхэр щы1щ. Мы къэралым дунейм 17-нэ уваIэр щиIыгъщ инвесторхэр кьызэрыдихьэхьыфымкIэ, я мылъку Уругвайм и экономикэм кьызэрыхгъэлъхьэфымкIэ. Ар къаэрехьулIар си фIыщIэр президент Мухикэ Хосещ.

РИЛЬСКИЙ Владислав.
«Российская газета»

● Къэралхэр

Дэнэ сыщыпсэуарэт жыпIэрэ?

УщыпсэунымкIэ нэхъ тынщу, зызыужьэхэу кьалытэ къэрал 80-м Урысейм 72-нэ увыпIэр кьыщ1ылысащ, Индонезиемрэ Сириемрэ я зэхуакум.

ШЭЧ кьызытепхьэ хъуну рейтингыр езыгъэкIуэкIа the economist intelligence Vnit-м и Iэщ1агъэлIэсм къэралхэр кьапщ1тащ, Iуэхуитэу 11-м тещ1ыхьауэ: климатыр, политикэ щытыкIэр, щ1ыхум хэхъуэу иIэр, н.кь.

Къулейхэм я мылъку щагъэтIылъ Швейцариер псом япэ ящащ. Абы кьыкIэлъокIуэ Австралиемрэ Норвегиемрэ. ЗэйуэпэщыгъэкIэ япэ ит къэралхэм хеубыдэ Швециер, Даниер, Сингапурыр, Зеландие Щэр, Нидерландэр, Канадэр, Гонконгыр.

Иджыри кьэс апэ итуэр къекIуэкIа США-м 16-нэ увыпIэрщ кьыльысыжар. Экспертхэм кьызэралытэмкIэ, мы къэралым кьыщ1алъхуу сабийхэм ящыныжьын хуей хьунущ апэ итахэм кредит пудым тегушхуэрэ щ1ыхуэу зэтралъхьар. США-м кьыкIэлъокIуэ Финляндиер, Ирландиер, Австриер, Тайвэньр, Бельгиер, ОАЭ-р, Корее Ищ1эр, Израильр.

Урысейм и пэ иригъэщащ Индонезиемрэ Азербайджанымрэ. Дяужь итщ Сириер - 73-нэ уваIэ, Къэзахъстаныр - 74-нэ. Украинэм 78-нэщ кьыльысар.

Иужь дыдэ итыр, ухуэльхуэнуи зыхуэмыщ1ащэу кьалытар Кениемрэ Нигериемрэщ.

ТУМАНОВЭ Ольгэ.
«Российская газета»

● Кавказ Ищхъэрэ

ЗыгъэпсэхупIэхэр яухуэ

«Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» къэрал корпорацэм и акцэу сом мелардитеи 9,8-рэ и уасэ яригъэу кьыдагъэкIащ. Иджы компанием и мылъкур сом мелард 15,2-рэ мэхъу. А ахъшэр халъхьэ Урысей Ищ1э щ1ынальхъэм я зыгъэпсэхупIэхэм. Зи гугъу тщIы акцэхэр къэзыщ1эхуар «Особые экономические зоны» компаниеращ.

ФИГУ къыдогъэкIыж: «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» ООО-р 2010 гъэм и дыгъэгъазэм къыздэгъэпэщащ, абы и акцэхэм я процент 97,69-р Урысей Федерацэм ейщ, акцэ 1,97-р Внешэкономбанкым, 0,33- р - Урысейм и Къэралпэ банкым.

«Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» ООО-р Урысей Ищ1эм и зыгъэпсэхупIэ-хэр ухуэнырщ. Абы бгы кьежэхьыпIэу километр 1100-рэ ирухуэн, зыгъэпсэхупIэ псорэ зэхэту зы махуэм хуэзэу щ1ыху мини 172-рэ ирагъэблэгъэфу ищ1ын хуейщ. Компанием кьыпэщ1ыт Iуэхугъуэхэм ящ1ыщ1 Каспий тенджыз Iуфэр Мэхъэчкъалэ къыщ1ыщIэдзауэ Азербайджан гъунапкъэм нэс зыгъэпсэхупIэ дахащ1эхэмкIэ игъэщIэрэщIэн зэрыхуейр.

«Известия»

● Майоттэ

Майоттэ и бзылъхугъэ-франджыхэр.

Майоттэ хытIыгур Франджым и 101-нэ департамент зэрыхъурэ куэд щ1акьым. А щ1ыналъэр зей маор лъэпкым туристхэр кьаз1эрыщ1ыхур нэгъуэщI планетэ кьиКа гуэрхэущ. Езы зыиплIыкIакIуэхэмэ ягъэщ1ащ1ауэ суахилиэ, буши бзэхэмкIэ псалъэ щ1ыху фIыщIэхэр Франджым я кьалытэн щ1ыхуейр.

Мозамбикрэ Мадагаскаррэ я зэхуакум дауыбда Майоттэ езыр хуейуэ Франджым щ1ыгухьар 1841гъэрщ. Хытыгум и сультIан Андриандоли и лъэпкыр Франджым и щ1ыхуу кьаригъэльытащ, ар дзэ, ахьшэ Iуэхуки1э зыдигъэIэпыкъун, сабийхэр европей кьэралзыщ1ыжьыжьам и мылъкуйэ иригъэджэн папщIэ.

1886 гъэм Франджым Комор хытIыгуипIлыр зэгуетъэхь» (Майоттэри яхэту) зы колониеу. Илъэс 26-рэ докIри, а плIыри Мадагаскарым «тыгъэ» хуещ.

1946 гъэращ Майоттэм и статусыр ихьуэжу ях адрыщ1 «франджы щ1ынальэ» щ1ыхуэр.

1960 гъэм ООН-м Декларацэ кьыщтащ колониеу щ1ыт къэралхэмрэ лъэпкъхэмрэ щхьэхуит хьун зэрыхуейм текуауэ.

1974 гъэм референдум ирагъэкIуэкIри, Майоттэм щ1ыпсэуэхэм я процент 63-м метрополием и унафэм щ1ытыну нэхъ кьащтащ. Пэжщ, абы ящ1ыжьи ООН-р пIалъащ Майоттэр щхьэхуит ищ1ыну, ауэ езыр яхутечакьым. Зэныкъуэкъу куэдым иужькIэ, 2011 гъэм Майоттэр Франджым и 101-нэ департамент хьуащ (Париж и хы адрыщ1 департамент етхуанэ).

Иджы тхьэмахуэм тIэу кьхьулъатэм Майоттэ зыщIэIэтри, Париж щотIыс. ЛъэныкъуитIри зэхуэзэрэщ1ыщ нобэкIэ яIэ зэхущ1тыкIэм теухуауэ.

Майоттэ я езым и ахьши и къэрал ныпи иIэкъым. Ауэ, дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм тепщ1ыхьмэ, илъэси 10-20 кьэкIуэнум кьрибудыдэу, колониехэр метрополием хьихьэпэн е щхьэхуэ защ1ын хуей хьунущ.

● Венгрие

Къуаншэхэр къалъыхъуэ

Будапешт пэкIу тепльъджэ щекIуэкIащ; мыбы хэтащ власт зыIэщ1эльъхэри оппозицэм щ1ыщхэри. Гъэщ1эгъуэнщ, ауэ абыхэм жаIэхэр зэтехуэрт.

ИПЭIУЭКIЭ политикэ къару зэмылIэужьыгъуэхэр зэкъуэувэу щ1ытакъым, я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр сыт щ1ыгъуи зэщхьэщ1ыкIыу къэзыгъэгъуэрыкIуащ. Хэбгъэзыхьмэ, финанс кризисым и зэманми, къэралым кьыльыкъуэкI нэгъуэщI гуГъуехьхэми ахэр зэзгъыльэгъу ящ1ащхьым. АрщхьэкIэ, езыри щымыгъыхухауэ, ахэр зэгуригъэIуэн хуэзэфIэкIащ «Венгрием и къэкIуэнур нэхъыфIу щытын папщIэ» национализт партым («Йоббик») и Iэтащхьэ Дьендьеши Мартон. Езым и лэжьэгъу депутатхэм я пащхьэм къыщ1ыщIэсатхэм абы министрхэм я кабинетым зыхунгъэзащ «журт лъэпкым щ1ыщу Венгрием щ1ыпсэухэм, псом хуэмыдэу парламентымрэ правительствэмрэ хэтхэм, я бжьыгъэр зыхуэдизыр сэтей къыщ1ыну ельэIуу». Абы къельытэ журтхэм «къэралым и щ1ынагъуэ щ1агъэр къагъэтIасхьэу». Политикым и псалъэхэм щ1ыухэр апхуэдизкIэ игъэгубжьати, къыкIэлъыкIуэ махуэм Дьендьеши лъэIуэн хуей хъущ къыхуагъэгъэну. Абы ягуригъэIуащ зи гугъу ищIар гражданствэ тIуащ1э зиIэхэр - Венгриемрэ Израильмрэ ейхэр - зэрыарар. Мы зэманым Венгрием журт мниницэм нэблагъэ щопсэу.

Арати, Дьендьешиирэ абы и партымрэ я Iуэху епльыкIэхэр зымыдэхэм пэкIу ирагъэкIуэкIащ. ЦIыху мини 10-м нэблагъэ хэту. Унафэ зыщ1 ФИДЕС партым и фракцэм и Iэтащ1э Роган Антал жиIэу мы пэкIум къэмыкIуэн зэрыльэмыкIар: «Венгриер езым и щ1ыхухэм къащ1ухэщ1ыжьын хуейщ». Къыщ1ыпсальэм абы къызэхуэсахэр кьынъэгубащ и кьуитIыр Аушвиц лагерым ишэну. Нау1эу зэрыщ1ыщи, а Iуэм щаIыгъахэм я Iыхьэ щанэр Венгриемщ щ1ыт. АрщхьэкIэ националист партыр пэкIум зыкIи пэджэжакъым. Iэтащ1эхэм идакъым и кьулыкъум текIын.

ФЕЩЕНКЭ Виктор.
«Российская газета»

● Унагъуэ

Ещанэми фытегушхуэ!

Улахуэм я нэхъ мащIэр (упсэун щхьэкIэ уиIэн хуейм ищхьэ кьымыкIуэ) зи мазэ хьэкъхэм етIанэгъэ щ1ыдэдзауэ къэралыр кьадэIэпыкъунущ. Абы кьинэмыщ1ауэ, сабий ещанэ зэзыгъэгъуэтыну тегушхуэ бзылъхугъэм мазэ кьэс сом мини 7 иратынущ, и бныр ильэсищ ирикъухукIэ.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ кьищтащ «2013-2020 гъэхэм къэралыр щ1ыхухэм зэрадэIэпыкъуну щ1ыкIэр» программэр. Абы егъэбеладжылы зыхуэзэIэмыкIхэм, унагъуэхэм, сабийхэм къэралым яхуищIэнур. А псом текIуэдэнущ сом триллион 42,2-рэ. А ахьшэр федеральнэ, щ1ынальэ бюджетхэм, социальнэ фондхэм кьыхэкIынущ.

ЗэрыжаlэмкIэ, мы программэр тэмэму гъэзэщIа хъумэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу процентри 10,2-м нэс ехьн хуейщ кьулейсызхэм я бжьыгъэр (мы зэманым апхуэдэхэр ди къэралым щыпсэум я процент 13 мэхъу).

Хуэмыщ1ауэ псэухэм я бжьыгъэр игъэмащIэн хуейщ бюджет Iэнатlэм пэрытхэм я улахуэм зэрыкагъэхьэнуми, ещанэ сабийм щхьэкIэ пособие ят зэрыхьэнуми.

Программэм кьыщ1ыгъэльэгъуащ 2020 гъэм дыныэсыку къэралым и гулыытэр тхьэмыщ1кIэ псоми ялъэIэсу хъуну, иджыкIэ зыдэIэпыкъур кьулейсызхэм я процент 20-рщ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ министр Топилин Максим программэм щытепсэльыхьым кьыхигъэщащ ещанэ сабийм щхьэкIэ бзылъхугъэм мазэ кьэс сом мини 7 ирату зэраублэнур, интернатхэр, нэгъуэщI социальнэ Iуэхущ1апIэхэр зыхуей зэрыхуагъэзэнур екъулпыхтэ зэрыхьунур.

ГРИЦЮК Маринэ.
«Российская газета»

● Ахъшэ

«Каддафи и мылъкур къыдэфтыж», -

жаIэу Ливием и уэрамхэм къыдыхьащ бзылъхугъэ куэд

Каддафи и унагъуэм хамэ къэралхэм я банкхэм щагъыгъащ евро мелард 87-рэ. Ар Ливием къратыжьащ хуейуэ жаIэу щ1ыхуэзэм зыкъаIэтащ, псом хуэмыдэу бзылъхугъэхэм.

Триполи къыгъэувэ Iуэхум япэу кьыпэджжар Италиеращ. Интерполым и зэIущIэ Рим щекIуэкIа нэужь, абы Ливием къритыжащ евро зы мелард. Франджыми жиIащ евро мелуан 230-рэ ирагъэжьыну зэрыхьэзырыр, Великобританием - евро мелард 15. Ливием и ахьшэу, уасэфIэзиIэ акцэу, н.кь. ООН-м къэрал пщ1ы бжьыгъэхэм «ункIыбзэ етакIэ» иригъэIыгъыр евро мелардитеи 150-рэ мэхъу.

Езыхэмрэ зэхаращ1эмрэ «я бохьшэр» зыуэ зыхъэщ1ылытэу щ1ыта Каддафирэ абы кьыкIуэтахэмрэ зыкIэщ1ауфIащ1ащ евро мелардитеи 100. Ахьшэр кьызыхэкIыу щатар къэралым ищэ щ1ыдагъэм кьахуихь хэхъуэрт.

Каддафи щ1ымыIэжми, абы и блыгущIэтхэм ящ1ыщ1 куэд псэуну. Ахэр хуейкъым я мылъкур яфIэкIуэдыну икIи хьилагъэ куэдым хуокIуэ Ливием ахьшэр кьыIэрымыкьэжьыным теухуауэ.

«Эхо планеты» журнал.

Тхылъхэр къратхыкIыжыну?

● Дин

Динхэм я лъабжьэхэр класс псоми фIэкIыпIэ имыIэу щрагъэджын хуей хъумэ, зэрыратаджэ тхылъхэр щIэрыщIэу зэхагъэувэжын хуейщ.

УРЫСЕЙМ ЕгъэджэныгъэмкIэ и академием и член-корреспондент, Егъэджэныгъэ Iэнатlэм зегъэужьынымкIэ институтым и унафэщIым и чэнджэщэгъу Данилюк Александр и псалъэхэм щ1ынальэ, «Дин щэнаблэхэмрэ щIэныгъэ этикэмрэ я лъабжьэхэрэ» курсыр класс псоми щрагъэджыну кьыщIэкIынущ.

- Мы предметыр пэщIэдзэ, курыт классхэм, нэхъыжьхэм папщIэ зэхалъхьэн хуейуэ къалытэ. Программэр хьэзырыр икIи мыгувэу абы щытепсэльыхьынущ конфесиехэм, - къыхигъэщ1ъэхуэIащ абы.

Данилюк Александр зиумысыжащ: предметыщIэр ирагъэджын щIадзэмэ, щколым щрагъэгъэт гуманитар щIэныгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн хуей хъунущ - зэрырагъаджэ тхылъхэр щIэрыщIэу зэхагъэувэжынущ.

Дыкъэзыуухъуреихь дунеймрэ Дарвин и теориер зыщIыгъу биологиемрэ я гугъу щ1ищIыну Данилюк къагуригъэIуащ: «Сабийхэм Iуэху епIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэдэлъхьэн хуейщ. ЖысIэнщи, езы Дарвин динрыр и фIэщ хъуэу щ1ытащ».

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм и кьудамэм и унафэщI Низиенко Еленэ жиIащ дин щэнхабзэхэм я лъабжьэхэр курыт классхэм фIэкIа щрагъэджын хуэмейуэ къэзылъытэхэр зэрыщIэр. Япэ классым кьыщ1ыIэдзауэ епщ1ыкIузанэм нэсыху ахэр ирагъэджын хуейуэ зэкIэзыми кьыльыгъэкъым. АрщхьэкIэ программэхэм хагъэхьэну зэхьэжкIыныгъэхэм зэрырагъаджэ тхылъщIэхэр зэмылIэужьыгъуэ къызэрагъэувынур гурыIуэгъэщ.

Предметыщ1эмкIэ тхылъыр бгъэхьэзырыныр лэжьыгъэ гугъу дыдэщ. Псом хуэмыдэу иджырей щIэныгъэм игъэтэ зыужьыныгъэм ар егъэкIуэну ухуэкьэмэ. Ар къызэхэкIри иджырей философиер хуабжьу зэрызэщхьэщыкIарщ. Фыымрэ Iеймрэ, нэмысымрэ щIэныгъэмрэ зэрыбгъэдыхьэ щ1ыкIэм хуабжьу зихьэжащ.

Дэ дызэреплъымкIэ, педагогхэм я предметыр хуабжьу нэхъ кьеХьэлъэкIынущ сабийхэм нэхьрэ.

ЕгъэджакIуэхэм диным кууу хащIыкIырыкьым. Хэт ахэр зыгъэхьэзырынур? ЕщIагъэлIхэм кьалытэ педагогхэм ящ1ыщ Iыхьэр вузхэмрэ дин еджапIэхэмрэ кьыщIагъэкIыфынущ.

МГЛУ-м и ректор Халеевэ Ириндэ жеIэ а университетым и теологие кафедрэхэмрэ факультетхэмрэ щрагъэджа ныбжьыщIэхэр зэрыгъэгъэхьэ щ1ыкIэм хуабжьу зэрызэщхьэщыкIарщ. Ф1ымрэ мащIэ зыщIэ I эщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр. Абыхэм кууу хащIыкI динми.

- Филологие щIэныгъэхэр теологие Iуэху епIыкIэхэм я лъабжьэщ, - жиIащ Халеевэ Ириндэ.

Апхуэдэу щытуи кьыщIэкIынщ. АрщхьэкIэ зи гугъу тщIы министерствэр Iуэхум нэгъэщIу бгъэдохьэ: диным щкольм щ1ыхуезыгъаджэм педагог Iэщ1агъэ иIэн хуейщ.

Мы Iуэхум егъэщ1ылIа псалъэмакъхэр ужьхыхыркъым. Къэбгъэльагъуэмэ, конфессие зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьакIуэ куэдым кьалытэ щ1ыIэныгъэ хэльын папщIэ щ1ыхум хамэ диным теухуауэ нэхъыбэ ищIэн хуейщ. АрщхьэкIэ националист партыр пэкIум зыкIи пэджэжакъым. Iэтащ1эхэм идакъым и кьулыкъум текIын.

ФЕЩЕНКЭ Виктор.
«Российская газета»

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.